

Fèy Enfòmasyon: Reponn ak kesyon Bezwen Aksè ak Fonksyonèl pou Sivivan yo

Release Date: October 16, 2018

- Pandan pwosesis kandidati an, tout moun ki kalifye pou asistans katastwòf FEMA yo pral gen menm posibilite pou gen aksè ak tout pwogram ak sèvis FEMA yo. Tout moun ki andikape ki bezwen lojman dwe idantifye tèt yo; FEMA egziye yon demann aplikan an oswa nan non li pou li kapab rantre an aksyon.
- Demann pou lojman kapab fèt lè w ap rele sèvis kliyantèl asistans katastwòf lan nan 800-621-3362 (vwa, 711 oswa VRS) oswa 800-462-7585 (TTY) oswa an pèsòn nan Sant Rekouvremant Katastwòf. Operatè ki pale plizyè lang disponib pou ou. Telefòn yo disponib sòti 7è nan maten jiska 11è nan aswè lè lokal sèt (7) chak semèn jiska nouvel lòd.
- Yon sivivan ki bezwen lojman pandan yon pwochen vizit DRC k ap vini an kapab mande asistans tou atravè ekip DSA yo ki fè pòt a pòt nan katye siklòn lan andomaje yo.
- Sant Rekouvremant Katastwòf yo se biwo fizik kote sivivan katastwòf yo kapab fè rankont fasafas avèk reprezantan ajans FEMA yo; federal, eta, ak minisipal yo; ak gwoup benevòl k ap patisipe nan rekouvremant katastwòf yo. Sèvi ak aplikasyon FEMA a oswa ale sou sitwèb FEMA.gov/DRC pou jwenn yon sant.



- Sant rekouvremman yo fèt pou moun andikape yo kapab jwen aksè. Sant yo gen ekipman asistans teknolojik, tankou telefòn anplifye ak aparèy pou tande pou moun ki gen pwoblèm pou tande ak loup pou moun ki gen pwoblèm pou wè. Gen Entèpretasyon Videyo a Distans ki disponib. Dokiman FEMA yo disponib nan gwo lèt ak lòt fòm yo ak lang sou demann.
- Gen entèprèt nan Lang Siy Ameriken (American Sign Language, ASL) disponib lè w rele oswa voye yon tèks bay 202-655-8824 pandan w ap itilize yon telefòn ak videyo (si sa aplikab, tanpri rete tann 24 èdtan pou jwenn yon entèprèt). Sant yo gen pakin, ranp,

ak twalèt ki aksesib tou.

- Sivivan yo kapab swiv lyen sa yo pou jwenn aksè nan videyo enfòmasyon yo nan Lang Siy Ameriken:
 - DRCs (ASL) fema.gov/media-library/assets/videos/111518
 - Asistans FEMA a pa gen enpak sou avantaj gouvènman yo (ASL) fema.gov/media-library/assets/videos/111582

###

